


Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 3 (Sipò)



G i d p o u p w o f e s è
S Y A N S S O S Y A L

1ye ak 2yèm ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segonn)



REPANSE POUWVA

An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



BEYOND BORDERS





Repanse Pouwwa ekri dokiman sa a, avèk kolaborasyon Institution Mixte Père Louis-Farnèse LOUIS-CHARLES, Kap Wouj.


Remèsiman espesyal pou Pwofesè Syans Sosyal Dieumerite François, Jean Baptiste Gabner, ak Rony Antoine, epi Ekip Repanse Pouwwa ki te kreye ak adapte sesyon yo. Mèsi pou Jean Judson Joseph, pou kontribisyon li nan faz final dokiman sa a.

KOURIKOULÒM KORE TIFI

SYANS SOSYAL

1YE AK 2YÈM ANE NOUVO SEGONDÈ
(3ZYÈM AK SEGONN)

- Sesyon pou 1yè lane Nouvo Segondè (3zyèm) 1
- Sesyon pou 2yèm lane Nouvo Segondè (segonn) . . . 27





1

SESYON POU
YÈ LANE NOUVO SEGONDÈ
(3ZYÈM SEGONDÈ)

SYANS SOSYAL



Dokiman syans sosyal sa a pran an kont kourikoulòm syans sosyal Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP). Tèm yo suiv Kourikoulòm Ministè a ki gen nan misyon li sitasyon sa a: *"Une dimension de formation à la vie civique que l'on peut qualifier, par rapport à l'étape actuelle de l'évolution de la société, de construction de la démocratie et de l'Etat de droit en Haïti dans la mesure où elle vise la formation d'hommes et de femmes capables de fonctionner comme des citoyens soucieux de leurs droits et de leurs devoirs et capables d'appliquer les règles du jeu démocratique..."* (p. 3).¹

Dokiman sa a dwe pèmèt nou ede elèv yo kontinye devlope konsyans kritik yo sou divès abi ki ap fèt nan sisyete a, aprann yo valorize konpasyon ak solidarite yo santi, konprann tout moun bezwen sipò lòt pou yo vanse, epi aprann bay moun ki an difikilte sipò nan fason ki apwopriye pou sa fèt. Tablo pi ba a prezante tèm ki trete yo, sesyon ak dire yo, dokiman referans.

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM /LIV
Balans pouvwa	Konstwi yon relasyon koup kote pouvwa byen balanse (45 minit) paj 4	<p><i>Kourikoulòm leta:</i> Comprendre les faits et les événements historiques aboutissant à l'indépendance d'Haïti. III. Expliquer le contexte et la signification de l'indépendance d'Haïti du point de vue national et international. IV.-a).</p> <p>Analyser le processus de construction de l'Etat-nation, les formes de gouvernement, la vie économique et sociale de 1804 à 1843, paj 8.</p> <p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Clerphon, Fede J. (2003). <i>Cours de sciences sociales illustré Conforme au programme de 1972 Rénové</i>, Classe de 3ème, Nouvelle Edition, Tome Unique. Tèm: Istwa Jeneral - page 5 - apre "Les sociétés primitives". * Emmanuel, Wesner (2011). <i>Histoire, Géographie, Éducation à la citoyenneté</i>, Classe de Troisième Secondaire I. Sociétés Précolombiennes - paj 7, apre lesson II La société précolombienne d'Haïti #3.

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM /LIV
Espas an sekirite pou tifi	Kote ki pa gen danje (45 minit) paj 9	<p><i>Kourikoulòm leta:</i> Rappel sur les concepts : Ex : classe sociale, groupe social, système de l'exclusif, elatriye, paj 8.</p> <p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Clerphon, Fede J. (2003). <i>Cours de sciences sociales illustré Conforme au programme de 1972 Rénové</i>, Classe de 3ème, Nouvelle Edition, Tome Unique. L'esclavagisme en Europe - nan fen paj 7, apre tèks sou esklavaj. * Emmanuel, Wesner (2011). <i>Histoire, Géographie, Éducation à la citoyenneté</i>, Classe de Troisième Secondaire I. La colonisation française d'Häiti - paj 27 nan fen lesion IV État social.
Kominikasyon	Kapasite Kominikasyon ² (45 minit) paj 13	<p><i>Kourikoulòm leta:</i> Analyser le processus de construction de l'Etat-nation, les formes de gouvernement, la vie économique et sociale de 1804 à 1843, objectif 4, p 8.</p> <p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Clerphon, Fede J. (2003). <i>Cours de sciences sociales illustré Conforme au programme de 1972 Rénové</i>, Classe de 3ème, Nouvelle Edition, Tome Unique. Les révolutions, nan fen paj 12 - apre D - Les principaux humanistes ak E - La renaissance scientifique. * Emmanuel, Wesner (2011). <i>Histoire, Géographie, Éducation à la citoyenneté</i>, Classe de Troisième Secondaire I. Istwa Jeneral - La naissance des temps modernes, La Renaissance paj 183, apre seksyon L'esprit critique.
Chèche sipò	Ki kote m kapab ale si... (2 sesyon - 45 minit pou chak) paj 17	Sijè sa a kapab trete nenpòt lè pwofesè a gen tan, apre yon revizyon, oubyen lè gen yon tan ki apwopriye pou li.

Tèm : Balans Pouvwa

Konstwi yon relasyon koup kote pouvwa byen balanse (45 minit)

Objektif:

- Elèv yo reflechi epi montre kapasite moun bezwen devlope pou pouvwa yo kapab byen balanse nan relasyon koup.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Fè kopi esplikasyon travay pou chak gwoup epi dekoupe yo, oubyen ekri tout sou tablo a. Asire gen kote pou elèv yo ekri repons pou kesyon yo sou tablo a.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Lè nou konsidere sosyete primitif yo, oubyen sosyete prekolonbyèn yo, nou wè gen kèk sosyete ki te bay fanm anpil pouvwa. Ti kras pa ti kras sosyete sa yo retire pouvwa nan men fanm e yo mete kèk gwoup moun sou tèt lòt gwoup yo. Pa oblige genyen gwoup ki sou tèt lòt, genyen lòt fason pou nou òganize nou ki pou pèmèt nou balanse pouvwa nou nan relasyon nou ak lòt moun."



NB: Si gen bezwen, raple elèv yo lè nou pale sou pouvwa, nou p ap pale sou pouvwa politik. Pouvwa nan sans n ap sèvi avèk, li se kapasite oubyen fòs pou enfliyanse yon moun oubyen fè yon bagay fèt. Nan sans sa a, tout moun genyen pouvwa, epi se selon jan yo sèvi ak pouvwa yo ki fè pouvwa se yon bagay pozitif oubyen yon bagay negatif.

Egzèsis:



1) Esplike:

- a. "Jodi a nou pral pale sou fason moun kapab byen balanse pouvwa yo youn ak lòt. Nan nivo yon sosyete, gwoup yo kapab byen balanse pouvwa yo youn ak lòt. Nan nivo pèsonèl, sa kapab fêt ant 2 moun, tankou lè 2 moun fòme yon koup."
- b. "Ni nan nivo sosyete, ni nan nivo pèsonèl, se mank kapasite ak mank asirans pou nou rann kont ki fè moun pa byen jere ak byen balanse pouvwa yo."
- c. "Donk, sesyon sa a se pou ede nou konstwi kapasite nou pou n balanse pouvwa nou ak pouvwa pa lòt moun."

2) Divize klas la an 4 gwoup.

- 3) Esplike: "Chak gwoup pral jwenn yon tèm ki se youn nan kapasite yo pou ekilibre pouvwa ak lòt moun. Chak gwoup pral jwenn kèk kesyon pou brase lide tou. Gwoup la pral reponn kesyon yo ansanm, epi apre sa prezante yon ti sèn teyat 3 al 5 minit ki pou montre yon bon egzanp kapasite ki sou tèm gwoup li an."
- 4) Bay chak gwoup tèm ak kesyon pa li, ak yon espas pou repons sou tablo a. Bay gwoup yo 10 al 15 minit pou yo travay. Asire w elèv yo konprann tèm pa yo.
- 5) Apre 10-15 minit, mande gwoup yo kanpe travay yo.
- 6) Envite gwoup 1 vin prezante tèm li, kesyon ak repons li yo, ak sèn teyat li. Jere lè a pou gwoup yo pa pran plis pase 5 minit pou yo prezante tout pati travay yo.
- 7) Apre chak gwoup fin prezante travay li, mande lòt gwoup yo bay kòmantè sou fason teyat la montre bon kapasite pou balanse pouvwa.
- 8) Envite lòt gwoup yo prezante travay yo youn apre lòt, epi mande elèv lòt gwoup yo reponn ak kesyon: Kijan teyat sa a montre bon kapasite pou nou balanse pouvwa nou?
- 9) Apre tout gwoup yo fin prezante, mande:

- a. "Ki kapasite nou bezwen pou nou byen balanse pouvwa nou?"

(NB: Eseye fè soti: Bon kapasite komunikasyon ak pataj desizyon, menm libetè ak menm valè, rezolisyon konfli san vyalans, epi kapasite pou nou jwenn bon modèl ak bon sipò.)

- b. "Ki lòt kapasite tou ki ap ede nou balanse pouvwa nou?"



(NB: Envite elèv yo sijere lòt lide.)

10) Remèsyelèv yo pou travay yo, epi rezime sesyon an:

- a. "Anpil sisyete pa byen ekilibre. Gen fòs kote, epi gen gwooup ki gen pouvwa youn sou lòt."
- b. "Sisyete a fonksyone pi byen si pouvwa moun byen balanse youn ak lòt. Sa mande kèk kapasite."
- c. "Jodi a nou te wè kapasite komunikasyon ak pataj desizyon, kapasite pou moun egal-ego ak menm libète menm valè, kapasite rezoud konfli san vyolans, epi kapasite chèche sipò ak bon modèl konpòtman kapab ede nou byen balanse pouvwa nou antanke moun."
- d. "Nan lòt sesyon pi devan, nou kapab pale pi plis epi pratike pi plis sou kapasite sa yo, ak lòt ki enpòtan, pou nou koumanse byen balanse pouvwa nou ak lòt moun nan lavi nou."
- e. Opsyon: Rezime siplemantè: "Pandan n ap etidye listwa, li enpòtan pou nou reflechi sou ki kapasite moun ak gwooup yo te genyen ak sa yo te manke pou yo te pi byen balanse pouvwa yo youn ak lòt."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Jodi a nou te wè kapasite komunikasyon ak pataj desizyon, kapasite pou moun egal-ego ak menm libète menm valè, kapasite rezoud konfli san vyolans, epi kapasite chèche sipò ak bon modèl konpòtman kapab ede nou byen balanse pouvwa nou antanke moun epi antanke gwooup moun.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 2 kapasite ki enpòtan nan aprann byen balanse pouvwa nou youn ak lòt.
- Pratike youn nan kapasite ki te parèt nan teyat elèv yo nan pwòp lavi pa w pandan semenn nan, epi ekri yon paragrapf sou eksperyans la.

Esplikasyon travay an gwoup

Gwoup 1:

TÈM: BON KAPASITE KOMINIKASYON AK PATAJ DESIZYON



Kesyon pou brase lide:

- 1) Kisa sa vle di pou nou: Bon kapasite komunikasyon ak pataj desizyon?
- 2) Bay 2 egzanp bon pataj desizyon nan **yon koup**. (Tankou, si yon moun vle achte yon tè, men anvan li fè l li pataje lide a ak mari li oubyen madam li epi yo pran desizyon an ansanm.)
- 3) Bay 2 egzanp bon pataj desizyon ant **2 gwoup nan yon sosyete**.
- 4) Ki eleman ki enpòtan pou bon komunikasyon fèt?

Lide pou teyat:

Montre nan 3 minit fason moun kapab fè bon komunikasyon ak pataj desizyon anndan yon fwaye. Mete kèk lide ki te soti nan repons gwoup pa ou la sou kesyon yo nan teyat la.

Gwoup 2:

TÈM: MENM LIBÈTE AK MENM VALÈ




Kesyon pou brase lide:

- 1) Kisa sa vle di pou nou: Pou 2 moun oubyen 2 gwoup moun gen menm libète ak menm valè?
- 2) Bay 2 egzanp ki montre lè sosyete a bay **2 moun** menm valè. Sa kapab fason moun aji ak yo, opòtinite yo ba yo, elatriye. (Tankou, si yon tifi ak yon ti gason nan yon kay gen menm chans pou yo etidye epi menm libète pou yo al jwe.)
- 3) Bay 2 egzanp ki montre sosyete a bay **2 gwoup moun** menm valè.
- 4) Ki eleman ki enpòtan pou 2 moun kapab gen menm libète?

Lide pou teyat:

Montre nan 3 minit fason moun kapab viv ak menm libète epi moun kapab ba yo menm valè anndan yon fwaye. Mete kèk lide ki te soti nan repons gwoup pa ou la sou kesyon yo nan teyat la.



Gwoup 3:

TÈM: REZOLISYON KONFLI SAN VYOLANS

Kesyon pou brase lide:

- 1) Kisa sa vle di pou nou: Pou 2 moun oubyen 2 gwoup moun rezoud konfli yo san vyolans?
- 2) Bay 2 egzanp ki montre **2 moun** ki rezoud yon konfli yo te genyen san youn ladan yo pa sèvi ak okenn fòm vyolans ni anyen ki ba li pouvwa sou lòt la. (Tankou, si yon mari gen kont ak madam li paske manke mwayen pou achte sa kay la bezwen, men yo fè dyalòg sou sa pou rezoud pwoblèm nan san vyolans.)
- 3) Bay 2 egzanp ki montre **2 gwoup moun** ki rezoud yon konfli yo te genyen san youn nan gwoup yo pa sèvi ak okenn fòm vyolans ni anyen ki ka ba li pouvwa sou lòt gwoup la.
- 4) Ki eleman ki enpòtan pou 2 moun kapab rezoud yon konfli san yo pa sèvi ak vyolans, menm si yo fache?

Lide pou teyat:

Montre nan 3 minit fason moun anndan yon fwaye kapab rezoud yon konfli san vyolans, san sèvi ak anyen ki ka bay youn pouvwa sou lòt, menm si yo fache. Mete kèk lide ki te soti nan repons gwoup pa ou la sou kesyon yo nan teyat la.

Gwoup 4:

TÈM: JWENN BON MODÈL AK BON SIPÒ (RESOUS KOMINOTÈ LADAN)

Kesyon pou brase lide:

- 1) Kisa sa vle di pou nou: Kapasite pou jwenn bon modèl ak bon sipò pou balanse pouvwa?
- 2) Bay 2 egzanp lè **yon koup** chèche bon modèl ak bon sipò pou yo balanse pouvwa yo byen. Ki enstans ak ki moun ki te kapab ede yo reyisi antanke yon koup? Kisa sa ap mande yo pou yo toujou chèche sipò sa a? (Tankou, lè yon koup gen pwoblèm epi yo ale kay yon lòt koup k ap byen viv youn ak lòt oubyen yo ale kote yon lidè pou ede yo.)
- 3) Bay 2 egzanp lè **2 gwoup nan sosyete a** chèche bon modèl ak bon sipò pou yo balanse pouvwa yo byen. Ki enstans ak ki moun ki te kapab ede yo reyisi antanke gwoup moun?

Lide pou teyat:

Montre nan 3 minit fason yon koup kapab chèche sipò ak bon modèl pou yo byen balanse pouvwa yo. Mete kèk lide ki te soti nan repons gwoup pa ou la sou kesyon yo nan teyat la.

Tèm: Espas an sekirite pou tifi


Kote ki pa gen danje (45 minit)

Objektif:

- Elèv yo reflechi sou konsèp espas an sekirite.
- Elèv yo devlope kapasite pou idantifye kèk kote yo konnen ki an sekirite epi kèk fason yo kapab aji pou lòt moun santi yo an sekirite nan yon espas.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Ekri 2 kesyon sa yo sou tablo a:
 - Ki kote ou kapab ale san ou pa pè anyen, pou ou alèz nèt?
 - Nan ki lè e kiyès ki bezwen prezan pou m alèz nan espas la?



Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Esklav yo, pandan lavi yo, yo pa te genyen anpil kote yo te santi yo alèz paske patwon yo te toujou ap menase yo ak vyolans."

Egzèsis:

1) Esplike:

- "Jounen jodi a, nan lavi pa nou, nou gen plis libète pase sa esklav yo te genyen. Nou genyen plis kote nou santi nou alèz, plis kote nou pa santi nou an danje."
- "Men nivo nou santi nou lib kapab depann de kiyès nou ye. Depandamman de milye nou viv, nou kapab gen plis oubyen mwens libète akoz danje ki genyen oubyen akoz pèsepsyon moun sou danje ki genyen."

2) Mande: "Kisa sa vle di pou nou: yon kote ki an sekirite?"

(NB: Nan reposens elèv yo, eseye fè soti yon kote ki an sekirite se yon kote ou alèz, ou pa pè okenn danje fizik ni moral, ou santi ou nan pò w, ou santi ou ka pale epi moun ap tande w. Pa gen moun ki ka manyen ou san ou pa vle, oubyen aji mal avèk ou. Sekirite ta dwe total: mantal, sosyal ak fizik.)

3) 3. Mande: "Ki konsekans sa genyen si yon moun pa janm santi li an sekirite?"

(NB: Eseye fè soti yon moun pa devlope antanke moun si li pa janm alèz, epi kapasite li limite paske li pè toutan.)

4) Divize klas la pou fi ansanm avèk fi, epi gason ansanm avèk gason.

5) Esplike:

- a. "Chak gwooup ap reponn kèk kesyon, epi ekri repons yo nan kaye nou. Se pou nou reponn kesyon nou yo onètman, se pa yon konkou antre 2 gwooup yo ditou."
- b. "Tout moun genyen nan jwèt la, depi nou onèt ak tèt nou sou reyalite nou. Reyalite nou yo kapab diferan."
- c. "N ap fè yon lis sou tout kote nan kominote a nou santi nou an sekirite, nou pa pè anyen, epi nou alèz. Lis la kapab kout oubyen long, depi li konplè dapre nou."
- d. "Li kapab gen yon sèl kote sou li, tankou lakay nou, si se sèl kote nou santi nou alèz. Oubyen li kapab genyen plizyè kote, tankou mache a, lekòl la, legliz la, elatriye."
- e. "Apre nou fin fè lis la, n ap di nan ki lè ak ki kondisyon pou nou alèz nan kote a, tankou legliz la lè fanmi m avè m. Oubyen lekòl la nan sal klas, men pa nan rekreyasyon."
- f. "Nou genyen 10 minit pou nou fè travay la. N ap chwazi yon moun pou pran nòt epi yon moun pou prezante lis nou an apre."

6) Montre kesyon ou te ekri sou tablo a pou ede gwooup yo vanse:

- a. Ki kote ou kapab ale san ou pa pè anyen, pou ou alèz nèt?
- b. Nan ki lè e kiyès ki bezwen prezant pou m alèz nan espas la?

7) Esplike: "Anvan nou prezante, li enpòtan pou nou sonje reyalite fi ak reyalite gason nan kominote a kapab pa menm. Sa pa vle di yon gwooup pi bon pase lòt la."

8) Envite youn nan gwooup yo prezante. Apre prezantasyon an, mande si gen kòmantè oubyen dout sou lis la. Poze kesyon pou asire y ap reflechi onètman sou lis la. (NB:

Jeneralman, lis fi yo ap pi kout pase lis gason yo, paske anpil fi santi risk pou yo sibi vvolans anpil kote nan kominate a.)

9) Repete pwosesis la pou 2zyèm gwoup la.

10) Remèsyelèv yo, epi mande:

- a. "Kisa sa fè nou, lè nou pa santi nou alèz, oubyen lè nou santi nou an danje?"
- b. "Poukisa li enpòtan pou tout moun gen kote yo santi yo alèz?"
- c. "Èske gen moun ki gen plis kote yo santi yo alèz pase lòt moun? Pa egzanp: Si fi gen mwens kote yo alèz pase gason, poukisa? Si kèk gwoup santi yo gen mwens kote yo alèz pase lòt, poukisa?"
- d. "Kijan nou kapab kreye espas kote tout moun santi yo alèz?"
- e. "Kijan nou kapab jwenn plis espas kote nou santi nou alèz?"

11) Rezime sesyon an konsa:

- a. "Lè moun pa santi yo an danje, yo devlope pi vit, pi byen."
- b. "Anpil fwa nan sosyete pa nou, gen gwoup ki gen plis risk pou yo an danje pase lòt. Yo kapab santi yo pa alèz anpil kote. Anpil fwa, akòz sosyete a bay gason pouvwa sou fi, fi pi an danje pou yo sibi vvolans. Pou sa, anpil fwa fi pa santi yo alèz anpil kote."
- c. "Pou fi kapab alèz epi santi yo an sekirite, anpil fwa yo bezwen ak lòt fi parèy yo. Se pou sa anpil moun ankouraje klèb tifi kòm kote pou fi santi yo pa gen okenn danje, epi yo alèz."
- d. "Li enpòtan pou nou tout veye pou nou toujou kreye kondisyon pou tout moun santi yo alèz."
- e. "Li enpòtan tou pou nou mande sipò pou nou chak jwenn plis kote pou nou santi nou alèz."
- f. Opsyon: Rezime siplemantè: "Nou wè jiska prezan nou bezwen aprann kèk bagay pou nou ka kreye espas an sekirite pou tout moun nan sosyete pa nou. Lè nou ap reflechi sou tan esklavaj, nou wè tout sistèm nan te oblige chanje, paske li pa te posib pou esklav yo te santi yo an sekirite. Yo te manke pouvwa nan lavi yo. Pandan nou ap etidye istwa, an nou kontinye reflechi sou fason mank pouvwa detèmine nivo yon moun santi li alèz epi li an sekirite."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Anpil fwa, akòz sosyete a bay gason pouvwa sou fi, fi pi an danje pou yo sibi vyolans. Pou sa, anpil fwa fi pa santi yo alèz anpil kote. Pou fi kapab alèz epi santi yo an sekirite, anpil fwa yo bezwen ak lòt fi parèy yo. Se pou sa anpil moun ankouraje klèb tifi kòm kote pou fi santi yo pa gen okenn danje, epi yo alèz.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Ki konsekans sa genyen sou yon moun lè li pa santi li an sekirite?
- Kijan nou chak kapab ede kreye espas ki an sekirite pou tout moun, ni fi ni gason?



Tèm: Kominikasyon

Kapasite Kominikasyon² (45 minit)



Objektif:

- Aprann kapasite kominikasyon e pratike yo nan sitiyasyon kote n ap bay sipò.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Ekri 4 kapasite kominikasyon sou tablo a, chak kòm tit sou yon pati nan tablo a:

Louvri, pa fèmen

Ankouraje, pa fòse

Bay sipò, pa jije

Koute plis, pale mwens




Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Renesans la se te yon peryòd istwa ki te genyen anpil pataj enfòmasyon ladan n parapò ak peryòd anvan yo. Sa vle di, moun te byen kominike lide pa yo, epi lide pa yo te inspire lòt moun. Answit, lespri kritik nan peryòd la te baze sou kapasite moun pou yo poze kesyon, kapasite pou yo tandé youn lòt epi kapasite pou yo aprann nan men lòt moun. Tout sa gen pou wè ak kapasite kominikasyon."

Egzèsis:

- Mande: "Kijan sa kapab ede nou jounen jodi a si nou devlope bon kapasite kominikasyon?" (NB: Eseye fè soti: Bon kominikasyon ede nou pataje lide nou yo, konprann pi plis, aprann nan men lòt moun, devlope sajès, evite mal konprann, epi ede nou bay moun sipò paske li fè lòt moun santi moun aksepte yo jan yo ye nan sitiyasyon y ap viv.)
- Esplike: "Nan kou sa a, nou pral pratike bon kapasite kominikasyon nan yon konteks patikilye – lè gen yon moun nan lavi nou ki ap mande sipò nou. Men kapasite sa yo bon pou nenpòt lè n ap kominike ansanm avèk lòt moun."



3) Prezante 4 kapasite kominikasyon yo ou te ekri sou tablo a. Di ou pral esplike chak kapasite byen vit epi apre sa, chak moun ap gen chans pou yo pratike yo.

4) Esplike chak nan kapasite ki pi ba yo, epi fè yon ti demonstrasyon:

a) Louvri, pa fèmen

"Veye jan w ap mennen kò w, pozisyon w, jès w ap fè yo, mesaj w ap voye san ou pa pale! Lè w dekwaze bra w pandan w ap gade lòt moun, epi w fè yon ti panche an avan, moun nan ap santi ou enterese pale avèk li."

b) Ankouraje, pa fòse

"Bay moun tan pou yo reflechi. Fè ti kòmantè tankou : 'Ban m plis detay sou sa,' 'Kijan w te santi w lè sa a ?', oubyen ou gen dwa annik souke tèt ou pou montre w ap koute, ou kapab ede moun santi yo an sekirite, epi yo ka pale sa ki sou kè yo."

c) Bay sipò, pa jije

"Si nou annik fè moun yo sonje nou la pou nou ba yo sipò, san nou pa jije yo, sa ka ede moun yo santi moun aksepte yo, sa pèmèt yo pa santi yo gen move repitasyon, ni yo pa santi yo wont."

d) Koute plis, pale mwens

"Lè nou bay moun chans pou yo pale, sa ka fè yo santi genyen moun k ap koute yo, epi sa ka fè yo santi yo gen valè."

5) Esplike: *"Elèv yo ap fòme 3 gwoup. Anndan chak gwoup, elèv yo ap jwe 2 ti pyès teyat, youn apre lòt. Pou chak istwa, yon moun ap jwe wòl moun ki sibi vvolans lan, yon lòt moun ap jwe wòl sa ki ap bay sipò a, epi rès manm gwoup yo se obsèvatè. Pa gen repetisyon alavans, epi fi ka jwe wòl gason, e vise-vèsa. Aktè yo ap jwe pyès la sèlman pou obsèvatè ki nan gwoup yo a."*

6) Gade si pa gen kesyon epi kontinye esplike: *"Apre 2 minit nan chak ti pyès, mwen pral di 'kanpe la!' Lè sa a, 2 nan obsèvatè yo ap tounen aktè. Y ap kontinye ti pyès teyat la nan pwen kote aktè anvan yo te rete nan istwa a. Lè chak ti pyès fin jwe, obsèvatè yo ap pale ak aktè yo sou sa ki te mache byen ak sa ki merite yon ti travay nan jan yo pratike 4 kapasite kominikasyon yo."*

7) Mande elèv yo fè 3 gwoup. Fè yo konte tèt yo sot sou 1 rive sou 3 jiskaske chak gen nimewo pa yo epi moun ki gen menm nimewo ap fè ekip ansanm.

8) Esplike 2 ti pyès teyat yo:

a. *"Pyès nimewo 1 an se istwa yon jèn fi adolesan. Mennaj li fòse li fè bagay avèk li. Li ale nan yon sant sante pou yo ka ede li. Men li wont anpil poutèt li pa vyèj ankò, malgre li jèn anpil epi li pokò marye."*

- b. "Pyès nimewo 2 a se istwa yon moun ki tandé vwazen an ki ap bat madanm li pandan l ap di li, li pral pran yon lòt fi. Lè li tandé vwazen an soti, li ale rann vwazin nan vizit pou li ka ba li sipò. Li konnen sa p ap fasil pou li pale ak vwazin nan paske li konnen fi a wont anpil dëske li gen yon mari ki vyolan."
- 9) Bay chak gwoup 3 minit pou yo deside pou chak pyès teyat yo: ki moun ki pral jwe wòl aktè pandan 2 premye minit yo, epi ki moun ki pral jwe wòl aktè pandan 2 dènye minit yo.
- 10) Esplike elèv yo gwoup la ap jwe ti pyès sa yo, epi yo tout pral fè chanjman aktè yo an menm tan, pandan w ap kontwole tan an. Ou pral di yo ki lè pou yo kòmanse ak ki lè pou yo kanpe, lè pou yo fè chanjman aktè, lè pou yo chanje pyès y ap jwe a, ak lè pou yo di sa yo panse.
- 11) Men kijan pou nou gide ti pyès teyat yo:
- Anonse: "Obsèvatè yo, sonje pou nou gade jan moun ki ap bay sipò yo ap sèvi ak 4 kapasite komunikasyon yo. Nou mèt kòmanse ak premye pyès teyat la."
 - Apre 3 minit fin pase, di: "Kanpe la epi chanje wòl." Tann yon ti moman pandan moun ki te ap bay sipò tounen moun k ap chèche sipò oubyen obsèvatè, elatriye. Di: "Obsèvatè yo, sonje se pou nou obsève jan moun ki ap bay sipò yo ap sèvi ak 4 kapasite komunikasyon yo. Nou mèt kontinye menm pyès la kote li te kanpe a!"
 - Apre 2 minit ankò, di: "Kanpe la! Obsèvatè, tanpri di aktè yo sa nou panse sou jan yo te sèvi ak 4 kapasite komunikasyon yo. Nou gen 2 minit pou sa."
 - Apre 2 minit deba, di byen fò: "Kanpe la, epi prepare nou pou nou jwe pyès teyat nimewo 2 a." Tann yon ti moman pandan pwochen gwoup aktè yo ap pran plas yo anvan ou di: "Obsèvatè yo, sonje se pou nou obsève jan moun ki ap bay sipò yo ap sèvi ak 4 kapasite komunikasyon yo. Nou mèt kòmanse jwe pyès la!"
 - Repete etap sa yo jiskaske gwoup yo fin jwe tout 4 pyès teyat yo.
- 12) Apre chak pyès teyat, mande elèv yo:
- "Ak ki kapasite komunikasyon nou wè yo te sèvi?"
 - "Èske nou gen kòmantè sou jan yo te sèvi ak kapasite sa yo?"
- 13) Men kijan pou nou fè deba sou egzèsis la:
- Mande elèv yo: "Antanke moun ki t ap bay sipò, kijan nou te santi nou? Kisa ki te fasil? Kisa ki te difisil?"

- b. Mande elèv yo: "Antanke moun ki t ap resevwa sipò, kijan nou te santi nou? Kisa ki te fasil? Kisa ki te difisil?"

14) Fè rezime egzèsis la. Apiye sou pwen sa yo:

- a. "Kapasite komunikasyon sa yo mande pratik pou nou vin fò ladan yo. Ak pratik, y ap tounen abitid, tou natirèlman."
- b. "Ou ka pratike kapasite komunikasyon sa yo lè w ap pale ak zanmi w oswa ak fanmi w."
- c. Opsyon: Rezime siplemantè: "Bon komunikasyon genyen anpil avantaj. Li kapab kontribiye nan pataj lide ak lespri kritik."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Bon komunikasyon ede nou pataje lide nou yo, konprann pi plis, aprann nan men lòt moun, devlope sajès, evite mal konprann, epi ede nou bay moun sipò paske li fè lòt moun santi moun aksepte yo jan yo ye nan sitiyasyon y ap viv. Gen 4 kapasite komunikasyon enpòtan: 1. Louvri, pa fèmen, 2. Ankouraje, pa fòse, 3. Bay sipò, pa jije, ak 4. Koute plis, pale mwens.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 4 kapasite komunikasyon.
- Ekri yon paragraf sou yon eksperyans pèsonèl kote ou te sèvi ak bon komunikasyon ki te bay rezulta.



Tèm: Chèche sipò

Ki kote m kapab ale si. . .

(2 sesyon - 45 minit pou chak)

Objektif:

- Elèv yo konstwi kapasite yo pou mande sipò.
- Elèv yo fè praktik ede moun ki genyen divès kalte bezwen jwenn sipò nan kominate a.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

Premyè pati:

- *NB: Preparasyon sa oblige fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an. Kreye oubyen jwenn yon bon lis referans pou zòn nan. Pwofesè a kapab ranpli bouyon nan fen sesyon sa a, apre "Evalyasyon elèv."*
- Fè fotokopi lis referans ou fè a pou elèv yo, epi kite 2 al 3 kote blanch pou yo ranpli enfòmasyon an plis yo jwenn oubyen ekri yo sou tablo a.
- Koupe 3 istwa yo pou chak gwooup kapab jwenn youn.

2zyèm Pati:

- Si se pa toutswit apre Premyè pati a w ap fè 2zyèm pati nan sesyon an, kenbe lis bezwen chak gwooup te genyen (an lòd) epi ekri lis yo ankò sou tablo a. Fè yon lòt kopi istwa yo pou chak gwooup kapab jwenn pa yo ankò.
- Fè fotokopi *Lis referans pèsonèl pou chak elèv* (pou elèv yo ranpli)
- Dekoupe kat chans yo, epi melanje yo.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "Nan listwa, genyen anpil peryòd ki te difisil anpil, ki te genyen dezas natirèl, enstabilite, oubyen lagè. Nan peryòd sa yo, timoun te soufri anpil, paske anpil fwa yo te separé ak paran yo."



Egzèsis:

Premyè pati:

1) Esplike:

- a. "Timoun abitye konte sou paran yo pou anpil bagay—epi sa nòmal. Nou swete sa toujou kapab kenbe."
 - b. "Men imajine w yon move bagay rive, epi paran ou yo pa disponib—èske w ap kapab genyen ase estrateji pou mande sipò san ou pa mete tèt ou nan gwo danje?"
 - c. "Si yon timoun mande yon move moun sipò, moun sa a kapab deside mal sèvi ak pouvwa li epi fè timoun nan mal. Fòk timoun nan konnen bon kote pou li mande sipò. Sesyon sa a se pou ede nou devlope kapasite nou ak konesans nou sou resous ak lòt moun ki la nan kominate a, pou nou chak kapab gen estrateji si yon move bagay—tankou yon dezas natirèl oubyen lòt pwoblèm—rive."
 - d. "Kou sa a ap ede nou pratike tou fason nou ka ede yon moun ki bezwen sipò nou nan yon move sitiyasyon."
- 2) Mande: "Èske youn nan nou konn tande istwa yon timoun ki te pèdi fanmi li e ki te oblige chèche sa pou I fè pou kont li – tankou apre tranbleman de tè oubyen lòt lè? Kisa timoun sa a te oblige al chèche?"
 - 3) Fè yon lis ak elèv yo sou divès kalte sipò timoun nan ta bezwen, tankou: manje, swen sante, transpò pou rive kote ki gen lòt resous, kote pou yo dòmi, rad, lòt moun ki pou pwoteje li ak oryante li, sipò moral, jistis (si yon move bagay te rive li), elatriye.
 - 4) Esplike: "Kounye a, nou pral fòme 3 ekip, epi chak ekip ap genyen yon istwa sou yon timoun ki nan yon sitiyasyon difisil."
 - 5) Divize elèv yo an 3 gwoup. Bay chak gwoup elèv yon istwa, epi ba yo 2 minit pou yo li istwa yo.
 - 6) Esplike: "Chak gwoup pral pran 10 minit sèlman pou fè 3 bagay ak istwa yo:"
 - a. **Reponn kesyon:** Ki bezwen timoun nan pral genyen? Site yo anndan kaye nou.
 - b. **Mete bezwen yo nan lòd priyorite** – kòmanse ak sa ki pi ijan pou rive nan sa ki mwens ijan –. Ekri 1, 2, 3, 4 bò kote lis la anndan kaye nou."
 - c. Kou chak gwoup fini, yon moun nan gwoup la pral **ekri lis gwoup la nan menm lòd la sou tablo a.**"
 - 7) Apre 10 minit, kanpe elèv yo. Fè yo prezante istwa yo ak lis pa yo, youn apre lòt.

- 
- 8) Kite lòt gwoup yo reponn oubyen ajoute. Asire lòd priorite gwoup yo mete a fè sans.
 - 9) Distribye kopi "Lis referans" epi gade l ansanm ak elèv yo. Asire yo konprann li.
 - 10) Esplike: *"Tout sa ki nan Lis referans la se bon enfòmasyon sou kominate a. Genyen 2 al 3 espas blanch nan lis referans la, se pou si nou kwè gen lòt resous nou ta dwe ajoute pou gwoup pa nou. Nou kapab konnen kèk bagay nan kominate a ki pa sou lis la. Nou kapab sèvi ak enfòmasyon sa tou."*
 - 11) Remèsye elèv yo, epi si gen tan, antre toutswit nan 2zyèm pati a. Si ou pa antre direkteman nan 2zyèm pati a, kopye lis bezwen chak gwoup, epi esplike n ap kontinye ak yon jwèt nan pwochèn kou an. Mande tout moun vini ak lis referans yo ankò pou 2zyèm pati a.

2zyèm pati:

- 
- 1) Nan premyè pati aktivite sa a, chak gwoup te genyen yon istwa ki pale sou yon timoun ki te an difikilte. Nou te genyen Marie Ange, Carolyne ak Lucie. N ap kontinye ak menm listwa yo.
 - 2) Mande elèv yo chita ankò nan menm gwoup yo, epi bay yo istwa yo si gen bezwen.
 - 3) Esplike jwèt la konsa:
 - a. *"Kounye a n ap fè yon jwèt sou fason pou nou chèche sipò."*
 - b. *"Pou nou jwe jwèt la, chak gwoup pral jwe wòl timoun ki nan istwa nan men li an. Pa egzanp, pou premyè istwa a, gwoup la ap jwe wòl Marie Ange, epi gwoup la ap chèche sa Marie Ange bezwen."*
 - c. *"Premyeman, chak gwoup ap gade lis bezwen li te mete an lòd sou tablo a. N ap chèche rezoud tout bezwen Marie Ange, Carolyne oubyen Lucie."*
 - d. *"Pou jwenn sa yo bezwen, nou pral chèche sipò nan enstitisyon oubyen moun ki nan lis referans nan men nou yo. Nou kapab ajoute lòt lide pou chèche sipò ki pa sou lis la tou, depi nou konnen li disponib nan kominate a. N ap travay an gwoup pou sijere kote timoun nan kapab ale pou jwenn sa li bezwen. Pa egzanp, si Lucie bezwen swen sante, n ap sijere nan ki klinik oubyen lopital nan zòn nan li kapab ale."*
 - e. *"Men, nan chèche sipò genyen kèk risk. Kèk fwa moun ki te sipoze ede nou an pa ede nou. Pou montre sa nan jwèt la, m genyen nan men m kèk kat ki rele 'kat chans'. Chak fwa yon gwoup deside kote li vle ale pou jwenn sa li bezwen gwoup la ap vin kote m pou di m sa. Pa egzanp, si gwoup la deside Carolyne prale nan yon lopital nan vil la, y ap vin kote m. Se mwen ki pral jwe wòl tout enstans sipò yo nan jwèt la."*
 - f. *"M ap ba nou yon kat chans, ki kapab: move chans, bon chans oubyen chans ekstraòdinè."*



- g. "Nan move chans lan, kote ou te chwazi a pa ka ede w. Gwooup la bezwen brase lide pou wè kijan pou li vanse, epi apre sa vin kote m ankò pou mande yon nouvo kat chans sou nouvo lide gwoup la genyen an."
 - h. "Nan bon chans lan, moun nan ede w jwenn sa ou te bezwen an. Lè sa a, ou mete yon zetwal bò kote bezwen sa a moun nan ede w rezoud la sou lis la."
 - i. "Nan chans ekstraòdinè a, moun nan pa sèlman ede w jwenn sa ou mande a, men li refere w bay yon lòt moun ki pou rezoud yon lòt bezwen ankò sou lis ou an. Lè sa, w ap mete zetwal bò kote 2 nan bezwen ou yo."
 - j. "Premye gwoup ki rezoud tout bezwen li yo ak siksè genyen jwèt la."
 - k. "Enpòtan : Tout gwoup yo kapab jwe a la fwa."
 - l. "Atansyon: Gwoup ki genyen plis bezwen nan lis pa yo a dwe ale pi vit."
- 4) Asire tout elèv yo konprann.
- 5) Esplike: "Pou koumanse jwèt la, m ap konte sou 3...1, 2, 3..."
- 6) Kontinye ak jwèt la jiskaske yon ekip genyen.
- 7) Rezime rezulta jwèt la pou yo, epi di konsa yo tout genyen paske yo tout fè anpil efò.
- 8) Mande: "Ki lesion nou tire nan jwèt la? Kisa nou aprann sou enpòtans chèche sipò ak jwenn sipò? Pran kèk repons nan men elèv yo."
- 9) Esplike:

- a. "Si yon move sitiyasyon ta rive nou, li vreman enpòtan pou nou kapab ale kote moun nou fè konfyans ki kapab ede nou. Jwèt la ede nou wè fason li difisil pou nou jwenn sa nou bezwen, ak enpòtans pou nou ede lòt moun ki an difikilte, pou yo pa dekoraje.
- b. "An nou reflechi sou moun nou konnen nan lavi nou, ki pa twò lwen lakay nou. Si yon bagay ta rive nou pa ka mande paran nou yo pou ede nou, kiyès nou kapab mande pou ede nou nan zafè manje, oubyen rad, oubyen yon kote pou dòmi?
- c. "Petèt se youn nan enstans ki déjà sou lis la, men petèt se yon moun—yon lòt fanmi, zanmi oubyen yon lidè nan zòn nan nou konnen epi nou fè konfyans. Yo se resous tou."
- d. "An nou chak ekri lis pa nou sou lis referans nou tou. An nou ekri sa yo sou lis pèsonèl pa nou tou, sou lòt bò fèy la!"

10) Bay elèv yo 2 al 3 minit pou yo fè lis referans pèsonèl pa yo.

11) Rezime sesyon an konsa:

a. "Lè nou tounen lakay nou, nou kapab mande si paran nou yo dakò ak moun nou chwazi yo, pou sizoka yon jou yo pa la."

b. "Nou swete sa pa janm rive, paske nou bezwen paran nou yo. Men li bon pou nou konnen sa pou nou fè pou tèt nou, ak fason pou nou ede lòt moun tou!"

12) Remèsyé tout elèv yo, epi asire yo pa boulvèse akoz egzèsis la.

13) Opsyon: Rezime siplemantè: "Kou sa a ba nou plis lide sou sa timoun, sitou tifi, viv lè gen yon sitiayasyon ijans. Sa ba nou plis lide sou jan sa te ye nan peryòd dezas natirèl, lagè, ak lòt nou wè ki te rive lè n ap etidye istwa. Pa te toujou genyen tout resous sa yo, epi moun te oblige chèche sipò jan yo te kapab pou yo kontinye viv. Moun te oblige aprann ede lòt moun tou."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Si yon move sitiayasyon ta rive nou, li vreman enpòtan pou nou kapab ale kote moun nou fè konfyans ki kapab ede nou. Jwèt la ede nou wè fason li difisil pou nou jwenn sa nou bezwen, ak enpòtans pou nou ede lòt moun ki an difikilte, pou yo pa dekoraje.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 3 kote ou kapab ale si gen yon ijans, pou jwenn sipò ou bezwen.





Istwa Gwoup 1: Marie Ange

Marie Ange te genyen 12zan lè yon siklòn ak gwo lapli te frape zòn nan epi detwi tout bagay. Te gen gwo inondasyon e Marie Ange te nan kay pou kont li. Manman li t al lave larivyè e tout lòt moun nan fanmi an pa te la. Pèsonn pa te tounen nan kay la, Marie Ange pase 2 jou nan kay la pou kont li. Apre tout bagay fin pase, li soti pou chèche fanmi li, epi gen yon lòt timoun ki di l : "anpil moun mouri, rivyè a pran yo." Marie Ange koumanse vreman grangou, epi rad sou li sal anpil. Li pa gen lajan pou achte, e li wè li blese nan pye.

- 1) Reponn kesyon sa: Ki bezwen timoun nan pral genyen? Site yo anndan kaye nou.
- 2) Mete bezwen yo nan lòd priyrite – kòmanse ak sa ki pi ijan pou rive nan sa ki mwens ijan.
Ekri 1, 2, 3, 4 bò kote lis la anndan kaye nou."
- 3) Kou ou fini, ekri lis gwoup ou an sou tablo a, swivan sa k pi ijan.

Gwoup 2: Carolyne

Carolyne genyen 16zan. Li te kay yon kouzin li lè yon zanmi kouzin nan fè kadejak sou li. Manman l se yon madan Sara ki te pati al achte Sendomeng pou plizyè jou. Li eseye pale ak matant li sou koze a, men matant la pa ba li chans pou li esplike anyen. Matant la pito di li fèmen bouch li pou li pa repete bagay konsa. Li konn tande manm yon òganizasyon fanm di lè yo fè kadejak sou yon fi, fi a bezwen ale nan lopital pou pran medikaman 72zè pou li pa genyen VIH/SIDA ak maladi moun pran nan fè bagay, epitou pou li pa ansent.

- 1) Reponn kesyon sa: Ki bezwen timoun nan pral genyen? Site yo anndan kaye nou.
- 2) Mete bezwen yo nan lòd priyrite – kòmanse ak sa ki pi ijan pou rive nan sa ki mwens ijan.
Ekri 1, 2, 3, 4 bò kote lis la anndan kaye nou."
- 3) K Kou ou fini, ekri lis gwoup ou an sou tablo a, swivan sa k pi ijan.

Gwoup 3: Lucie

Lucie genyen 13zan, ti frè li a gen 4tran. Manman ak papa yo mouri nan yon aksidan moto. Yo pa gen nimewo telefòn lòt fanmi yo ki rete lwen yo, epi yo pa gen lajan pou peye transpò pou al kote fanmi sa yo ye. Ti frè Lucie a kòmanse plenyen grangou, li di li bezwen manje. L ap kriye.

- 1) Reponn kesyon sa: Ki bezwen timoun nan pral genyen? Site yo anndan kaye nou.
- 2) Mete bezwen yo nan lòd priyrite – kòmanse ak sa ki pi ijan pou rive nan sa ki mwens ijan.
Ekri 1, 2, 3, 4 bò kote lis la anndan kaye nou."
- 3) Kou ou fini, ekri lis gwoup ou an sou tablo a, swivan sa k pi ijan.

Kote m kapab ale si gen pwooblèm


TO
TOKO

ENSTITISYON / ÒGANIZASYON	KI SÈVIS YO OFRI	ADRES PRESI (<i>si se yon gwo enstitisyon, ki kote ann dan l</i>)	MOUN POU KONTAKTE	KILÈ YO TRAVAY	PRI SÈVIS YO	NIMEWO TELEFÒN
IBESR (Byennèt sosyal)						
Organizasyon fann						
Ministè Kondisyon Fann ak Dwa Fann (MKDF)						
Lopital / sant sante (NB: se sèlman kék lopital ki genyen medikaman 72è pou fi ki sibika dejak-asire w ou site youn nan lis la)						
Komissary						
Azèk / Kazèk						

Lis referans pèsonèl pou chak élèv (pou elèv yo ranpli)

TO
TOKO

BEZWEN	Non MOUN/ ENSTANS	ADRÈS	NIMEWO TELEFON
Kote im kapab ale si m bezwen kote pou m paran mwen yo pa la	Kote m kapab ale si m bezwen kote pou m dòmi epi m pa ka rantre lakay mwen	Ministè Kondisyon Fam ak Dwa Fam (MKDF)	
		Kote im kapab ale pou lòt bezwen:	



**BON CHANS**

Moun nan ede w ak sa ou bezwen epi refere w bay yon moun ki kapab ede w ak pwochen sa ou te bezwen tou.

BON CHANS

Moun nan ede w ak sa ou bezwen epi refere w bay yon moun ki kapab ede w ak pwochen sa ou te bezwen tou.

BON CHANS

Moun nan edew ak sa ou bezwen epi voye ou ale.

CHANS EKSTRAÒDINÈ

Moun nan pa sèlman ede w ak premye bezwen ou te genyen, men li pran ka w epi li rele moun ki kapab ede w ak 2zyèm bezwen ou te genyen pou sa ranpli tou!

BON CHANS

Moun nan edew ak sa ou bezwen epi voye ou ale.

MOVE CHANS

Ou rive men kote a pa genyen sa ou te bezwen an disponib. Chèche lòt wout.

BON CHANS

Moun nan ede w ak sa ou bezwen epi refere w bay yon moun ki kapab ede w ak pwochen sa ou te bezwen tou.

BON CHANS

Moun nan edew ak sa ou bezwen epi voye ou ale.

BON CHANS

Moun nan edew ak sa ou bezwen epi voye ou ale.

MOVE CHANS

Ma m m ap bay ou. Moun ou jwenn nan di konsa l ap ede w si ou ede l tou. Li mande w yon move bagay an echanj favè l ap fè w. Ou deside chèche lòt wout.

MOVE CHANS

Ou rive men kote a fèmen. Ale yon lòt kote pou ranpli bezwen w.

MOVE CHANS

Ou rive men kote a pa genyen sa ou te bezwen an disponib. Chèche lòt wout.

BON CHANS

Moun nan ede w ak sa ou bezwen epi refere w bay yon moun ki kapab ede w ak pwochen sa ou te bezwen tou.

BON CHANS

Moun nan edew ak sa ou bezwen epi voye ou ale.

BON CHANS

Moun nan edew ak sa ou bezwen epi voye ou ale.

MOVE CHANS


Ba m m ap bay ou. Moun ou jwenn nan di konsa l ap ede w si ou ede l tou. Li mande w yon move bagay an echanj favè l ap fè w. Ou deside chèche lòt wout.

MOVE CHANS

Moun ou bezwen an soti epi li ap tounen demensidyevle.

BON CHANS


Moun nan edew ak sa ou bezwen an epi voye ou ale.



2

SESYON POU
YÈM LANE NOUVO SEGONDÈ
(SEGONN)

SYANS SOSYAL



Dokiman syans sosyal sa a pran an kont kourikoulòm syans sosyal Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP). Tèm yo baze sou Pwogram detaye Syans Sosyal Ministè pou klas 2yèm Ane Nouvo Segondè.³

Dokiman sa a dwe pèmèt nou ede elèv yo devlope kèk kapasite ki pou pèmèt yo pi koperatif e an menm tan pi pèfòman sou plan sosyal. Li ap ede yo konprann nesesite pou yo devlope sans kritik yo pou yo kapab filtre kalite enflyans yo ap resevwa apati moun ki dwe sèvi kòm modèl pou yo. Tablo pi ba a prezante tèm ki trete yo, sesyon ak dire yo, dokiman referans.

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM /LIV
Balans Pouvwa	Kijan pou nou jere kolè nou olye nou sèvi ak vvolans ⁴ (45 minit) paj 30	<i>Kourikoulòm leta:</i> Analyser la crise révolutionnaire de 1843 - 1844 en insistant sur les différentes étapesde son processus. Les différents secteurs et leurs réactions au cours de la crise révolutionnaire de 1843 - 1844, paj 2. <i>Liv:</i> Emmanuel Wesner. <i>Histoire Géographie Éducation à la citoyenneté: Classe de seconde</i> , Secondaire II. Tèm: Chapitre III, La crise de 1843, paj 20.
Kominikasyon	Kapasite negosyasyon (45 minit) paj 36	<i>Kourikoulòm leta:</i> Placer la dictature de Soulouque dans le cadre d'une réponse à la politique de doublure de la bourgeoisie. Aider les élèves à relever les actes dictatoriaux du gouvernement de Soulouque, paj 3. <i>Liv:</i> Emmanuel Wesner. <i>Histoire Géographie Éducation à la citoyenneté: Classe de seconde</i> , Secondaire II. Tèm: La constitution impériale de 1849 - paj 39-40 nan fen lesson ki gen pou tit "Politique extérieure de Soulouque".
Chèche ak Bay Sipò	Kijan pou nou chèche bon modèl (45 min) paj 41	<i>Kourikoulòm leta:</i> Apprécier la politique extérieure des gouvernements haïtiens de 1843 à 1888: La campagne de l'Est – La position radicale de Soulouque face à l'occupation de la Navase par les États-Unis – Les relations commerciales avec les États-Unis, l'Angleterre et la France, paj 7. <i>Liv:</i> Emmanuel Wesner. <i>Histoire Géographie Éducation à la citoyenneté: Classe de seconde</i> , Secondaire II. Tèm: Istwa D'Ayiti - paj 59 nan fen paj la. Ou ka fè sesyon sa a apre w fin wè tout chapit istwa d Ayiti a, pandan ou fin fè yon revizyon nan lide pou pèmèt elèv yo reflechi sou ki moun ki ta ka yon bon modèl.

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM /LIV
Chèche ak Bay Sipò	Ranfòse pouvwa moun k ap chèche sipò2 (45 minit) paj 44	<i>Kourikoulòm leta:</i> Mettre en relief le rôle des idées dans la révolution. Les idées des philosophes français: Montesquieu, Diderot, Voltaire, Rousseau, paj 8. <i>Liv:</i> Emmanuel Wesner. <i>Histoire Géographie Éducation à la citoyenneté: Classe de seconde</i> , Secondaire II. Tèm: Istwa Jeneral – “La révolution américaine,” paj 64, chapit IX, leson II F. L’Appui décisif de la France, nan fen paragraph la apre “les États-Unis”.





Kijan pou nou jere kolè nou olye nou sèvi ak vyolans⁴ (45 minit)

Objektif:

- Elèv yo aprann fason pou yo eksprime yo lè yo fache san yo pa sèvi ak vyolans ni konplike yon sitiayson.


Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Fè fotokopi fèy "Kisa m fè lè m fache?" ki nan fen sesyon an apre "Evalyasyon elèv" pou chak elèv oubyen ekri kesyon nan fèy la sou tablo a pou yo kopye nan kaye yo.
- Fè yon kopi "Esplikasyon estrateji pou sèn teyat" ki nan fen sesyon an apre "Evalyasyon elèv" pou chak gwoup kapab jwenn esplikasyon pa li.

NB: Souvan, nan soyete a yo pa montre gason eksprime santiman yo, yo pa pale sa k sou kè yo. Li kapab etranj pou gason ki nan klas la eseye fè sa, men li enpòtan anpil paske sa kapab ede gason yo pa sèvi ak vyolans nan lavi yo. Ankouraje tout elèv yo wè enpòtans pou yo fè pratik ki nan sesyon an.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Nan listwa e menm jounen jodi a, souvan gen popilasyon ki eksprime mekontantman yo avèk vyolans e lapolis reyaji avèk vyolans tou. Sa pote nou poze tèt nou yon kesyon: lè moun fache youn ak lòt, èske li obligatwa pou genyen vyolans? Nan liv istwa, yo pa fasil ekri sou fason moun te mobilize san yo pa te sèvi ak vyolans pou pote chanjman nan mond la. Men sa toujou fèt e li enpòtan pou nou chak konnen nan relasyon nou ak lòt moun toujou ka genyen malantandi ki fè nou fache e lè nou fache, gen plizyè fason pou nou eksprime sa san nou pa sèvi ak vyolans."



Egzèsis:

1) Esplike:

a. "Anpil moun konfonn lè yon moun fache oubyen fè kòlè ak lè yon moun fè vyolans. Men fache a se yon santiman. Se yon bagay anndan nou ki nòmal pou chak moun santi tanzantan."

b. "Poutan, vyolans li menm se yon konpòtman ki eksprime nou fache."

c. "Genyen plizyè lòt fason ki pa genyen vyolans pou nou eksprime nou lè nou fache. Fason ki pi bon paske yo pa gen menm konsekans negatif vyolans genyen. Li enpòtan pou nou aprann eksprime nou lè nou fache nan yon bon sans ki pa gen move konsekans."

2) Distribye fèy ki gen tit: "Kisa mwen fè lè m fache?" oubyen ekri kesyon yo sou tablo a. Li chak kesyon, youn apre lòt. Fè chak elèv, san yo pa pale, reponn chak kesyon pou tèt yo, anndan kaye yo oubyen sou fèy ou ba yo. Esplike yo pa bezwen remèt fèy la.

3) Apre kèk minit pase, mande gwoup la: "Kiyès ki vle pataje repons pa yo sou 3 kesyon yo?"

4) Pran egzant soti nan men 2-3 elèv. Remèsyé yo pou pataj sa yo.

5) Esplike:

a. "Li vreman enpòtan pou nou konnen tèt nou ak sa ki fè nou an kòlè. Lè nou konnen kèk siy kò nou ak santiman nou ka bay lè nou pral an kòlè, sa pèmèt nou evite kòlè a monte pi plis."

b. "Nou kapab retire tèt nou nan sitiyasyon an oubyen sèvi ak lòt fason pou evite nou fè dega."

6) Mande: "Lè moun fache, ki fason yo kapab reyaji ki negatif, oubyen ki pote move konsekans?"

7) Esplike:

a. "Fason moun reyaji ki pote move konsekans kapab vyolans fizik, vyolans emosyonèl, vyolans seksyèl oubyen vyolans ekonomik."

b. "Gen moun ki pa janm eksprime yo lè yo fache, lè yo an kòlè (yo bwè santiman an). Sa kapab pote move konsekans tou tankou yo kapab vin malad, oubyen pase kòlè a sou lòt moun pi devan."

c. "Men genyen yon gwo diferans ant lè yon moun fache ak lè yon moun fè vyolans. Jan nou te di, fache a se yon santiman, vyolans se yon konpòtman. Gen lòt konpòtman moun ki fache

a ka chwazi nan plas vvolans. Kounye a, n ap gade ki fason nou kapab reyaji ki pozitif lè nou fache, ki pa pote move konsekans ni sou lòt moun ni sou tèt nou."

- d. "Nou pral divize an gwoup epi fè ti teyat sou kèk bon estrateji ki kapab ede moun reyaji san vvolans lè yo fache."

8) Divize elèv yo an 4 gwoup.

9) Esplike: "Chak gwoup ap genyen yon tèm ak yon egzanp pou jwe yon teyat k ap montre fason pozitif pou nou reyaji lè nou fache, fason ki pa pote move konsekans. Gwoup la ap genyen 10 minit pou prepare teyat la, ak 3 minit pou yo jwe l!"

10) Apre 10 minit pase, mande premye gwoup la vin prezante. Fè gwoup la li tèm pa l la ak esplikasyon sou estrateji pa li, epi apre sa prezante teyat la nan 3 minit.

11) Apre tout gwoup yo fin prezante, mande si gen lòt lide oubyen kòmantè sou travay gwoup yo.

12) Mande elèv yo site 4 estrateji nou te wè pou nou jere kòlè nou san nou pa sèvi ak vvolans.
1. Lè ou fache, rekonèt sa bònè epi, reflechi nan ou menm. 2. Pran yon ti poz pou ou soti nan sitiyasyon an epi, kalme tèt ou. 3. Kominike epi sèvi ak mo san ou pa agrave sitiyasyon an. ak 4. Mande lòt moun sipò.

13) Mande: "Èske li posib pou nou sèvi ak estrateji pozitif ki te site yo ? Poukisa wi oubyen poukisa non ?"

14) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo, epi rezime sesyon an konsa:

a. "Nou swete tout moun jwenn estrateji pou jere kòlè yo olye yo sèvi ak vvolans."

b. "Fache a se yon santiman, men vvolans se yon konpòtman. Ou kapab fache san ou pa aji ak vvolans."

c. "Li enpòtan pou nou aprann bon estrateji pou nou eksprime nou lè nou fache san nou pa sèvi ak vvolans fizik, emosyonèl, seksyèl oubyen ekonomik sou yon lòt moun."

d. "Nou aprann kèk bon estrateji jodi a, kounye a nou kapab kòmanse fè pratik avèk yo nan lavi nou. Lè nou fache, chèche rekonèt sa bonè epi sèvi ak fason nou aprann yo pou nou jere kòlè nou. Si genyen moun nou fache avèk yo souvan, nou kapab mete yo okouran sou chanjman nou ap eseye fè nan fason nou te konn reyaji. Oubyen mande sipò."

e. "Lè nou eseye ak yon estrateji e sa pa mache yon premye fwa, eseye li ankò. Oubyen eseye lòt fason pozitif pou nou jere kòlè nou san nou pa sèvi ak vvolans."

- f. *Opsyon: Rezime siplémentè: "Pandan nou ap etidyé istwa, nou kapab reflechi epi gade si te genyen konfli ki pa te nesesè. Yo te eklate se paske moun pa te konnen eksprime kòlè yo byen. Nan kèk ka, dominasyon otorite yo pa te kite anpil chwa nan fason pou popliasyon te eksprime yo. Men kèk fwa, moun te genyen pouvwa epi yo sèvi ak vyolans. Nou kapab toujou reflechi si se pa estrateji yo te manke pou aji pi byen ak moun."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Genyen plizyè fason nou kapab reyaji lè nou fache san nou pa fè vyolans. Fason sa yo pi bon paske yo pa genyen konsekans negatif vyolans genyen. Li enpòtan pou nou aprann eksprime nou lè nou fache nan yon bon sans ki pa gen move konsekans.

Evalyasyon elèv :

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Ekri yon paragraf sou yon lè ou te fache ak fason ou te itilize youn nan estrateji pozitif yo pou ou eksprime ou.



Kisa mwen fè lè m fache?

1) Rapple ou yon moman ou te fache ki pa te pase twò lontan, reflechi sou li. Nan kèk mo, esplike sa ki te pase.

2) Pandan w ap reflechi sou moman ou te fache a, eseye sonje sa ou t ap panse ak kijan ou te santi w. Site youn oubyen de fason ou te santi manifestasyon kòlè a nan kò w pandan ou te fache a.

3) Souvan, apre nou fache oubyen fè kòlè, nou koumanse reyaji ak vyolans (rele sou moun, kraze kèk bagay nan kay kote nou rete, frape kèk bagay tankou pòt kay oubyen frape moun, elatriye). Panse sou moman ou te fache a. Kijan ou te eksprime ou nan moman sa a? Ki konpòtman ou te genyen?

Esplikasyon estrateji pou sèn teyat:

Fason pou nou reyaji lè nou fache ki pozitif, ki pa pote move konsekans:

Gwooup 1: Lè nou fache, rekonèt sa bonè epi, reflechi nan nou menm.

Montre yon sèn kote yon moun koumanse fache akoz yon sitiyasyon, epi li konnen tèt li ase pou li konprann li koumanse fache. Li rekonèt siy nan kò li ki montre lì fache (li koumanse swe, li pa wè klè nan je li, li koumanse tranble, oubyen lòt). Moun nan pa di anyen nan moman an, men li al reflechi nan li menm sou sa, anvan li reyaji.

Fason pou nou reyaji lè nou fache ki pozitif, ki pa pote move konsekans:

Gwooup 2: Pran yon ti pòz pou ou soti nan sitiyasyon an.

Montre yon sèn kote yon moun fache ak yon lòt moun. Yo koumanse fè diskisyon. Olye pou sitiyasyon an agrave, moun nan jwenn yon fason pou li kalme tèt li. Pandan 3 fwa li rale plis lè posib nan nen li epi li fè lè a soti dousman nan bouch li (respirasyon pwofon) oubyen li konte sou 10. Si sa pa mache, li jwenn yon fason pou lì di lòt la "M fache, m ap fè yon ti soti pou m ka kalme mwen. Apre sa, nou ka tounen pale sou sa." Li fè yon ti mache a pye, oubyen li jwenn yon lòt fason pou kalme tèt li anvan li tounen pou lì pale ak lòt moun nan.

Fason pou nou reyaji lè nou fache ki pozitif, ki pa pote move konsekans:

Gwooup 3: Bon komunikasyon: Tande, rezime, sèvi ak bon mo.

Sèvi ak mo san ou pa agrave yon sitiyasyon. Tande epi fè ti rezime sa ou tandé moun nan di a, anvan ou reponn li. Montre yon sèn kote yon moun koumanse fache ak yon lòt moun. Men, li sèvi ak bon komunikasyon. Anvan li pale, li mande lòt la eksprime sa k nan lide lì, epi li tandé lì. Olye sa lòt la di fè lì monte pi plis, li fè yon ti rezime sa li tandé lòt moun nan di, annik pou asire li konprann sa lì ap di a byen. Finalman, li sèvi ak bon mo pou l' esplike lòt moun nan sa k fè li fache, epi sa li swete ki rive pou rezoud sa, san li pa agrave yon sitiyasyon. Pa egzanp, mennaj yon moun vin wè li men li rive vreman an reta parapò a lè yo te fikse. Moun nan kapab tandé sa ki te pase, rezime sa li tandé, epi apre sa di konsa: "M fache paske ou an reta. M ta renmen pwochèn fwa ou vini a lè oubyen rele m pou di m w ap an reta."

Fason pou nou reyaji lè nou fache ki pozitif, ki pa pote move konsekans:

Gwooup 4: Mande lòt moun sipò.

Montre yon sèn kote yon sitiyasyon fè yon moun fache ak yon lòt, epi moun ki fache a santi li pa ka jere sitiyasyon an pou kont li. Li mande lòt moun nan pou yo ale ansanm kote yon moun yo genyen bon relasyon avèk li e ki genyen sajès pou ba yo sipò pou rezoud pwoblèm nan.

Kapasite negosyasyon

(45 minit)

Objektif:

- Elèv yo aprann e yo fè pratik sou fason pou yo negosye, sitou lè yo anfas moun ki gen plis pouvwa pase yo oubyen ki gen pouvwa ki egal ak pouvwa pa yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Fè youn oubyen de fotokopi fèy "Sèn yo" ki nan fen sesyon an apre "Evalyasyon elèv" epi dekoupe yo pou chak gwooup kapab jwenn yon sèn.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Leson sa a eksplike kèk difikilte gouvènman Soulouque la te genyen avèk kèk peyi tankou La France, La République dominicaine, les Etats-Unis. Lè gen konfli ant 2 peyi oubyen 2 moun ki nan yon relasyon, li enpòtan pou yo aprann negosye. Negosyasyon se yon kapasite pou de (2) moun dakò tandem yon lòt eksprime sa yo bezwen, reflechi ak diskite sou sa yo bezwen pou yo soti ak yon solisyon ki bon pou yo tou 2 si sa posib."

Egzèsis:

1) Esplike:

- "Nou pral fè pratik sou kapasite nou pou nou fè negosyasyon ak lòt moun. Genyen plizyè sitiayson nan lavi nou ki oblige nou fè negosyasyon."
- "Nan sesyon sa a, n ap mete aksan sou fason pou nou fè negosyasyon lè nou an fas yon moun ki gen plis pouvwa pase nou, oubyen ki gen menm fòs pouvwa ak nou."
- "Pa egzanp, yon moun kapab mande nou fè yon bagay ki pa bon pou nou, yon bagay ki pa legal, oubyen yon bagay nou kont li sou plan moral!"
- "Lè sa a, li enpòtan pou nou konnen fason pou nou eksprime sa nou vle san nou pa mete tèt nou an danje!"

- 2) Mande: "Ki egzanp nou kapab site ki montre yon moun ki gen plis pouvwa mande yon lòt moun ki gen mwens pouvwa fè yon bagay ki pa sa, e moun ki gen mwens pouvwa a oblige negosye ak moun ki gen plis pouvwa a?"
- 3) Pran 2 al 3 repons elèv yo bay.
- 4) Esplike: "Sitiyasyon sa yo konn rive, e li enpòtan pou nou genyen kapasite pou nou jere yo pou nou pa mete tèt nou an danje. An nou fè pratik sou negosyasyon."
- 5) Divize elèv yo an 3 al 6 gwoup. NB: Chak sèn kapab genyen 1 oubyen 2 gwoup sou li. Si gen plis gwoup, tan pou yo jwe sèn yo pral plis.
- 6) Esplike: "Chak gwoup pral genyen yon tèm, e chak gwoup ap prezante yon dyalòg nan yon ti teyat sou tèm pa yo. Chak gwoup genyen 10 minit pou li travay, ak 3 minit sèlman pou li prezante teyat li."
- 7) Distribiye eksplikasyon travay an gwoup pou chak gwoup.
- 8) Asire elèv yo konprann.
- 9) Apre 10 minit, mande elèv yo tounen nan gwo gwoup.
- 10) Mande tout gwoup yo montre teyat pa yo, youn apre lòt.
- 11) Apre tout gwoup yo fin jwe, remèsye yo epi mande yon rapèl sou tèm 3 sèn negosyasyon yo: elèv ki negosye ak pwofesè, timoun ki negosye ak paran yo, ak 2 moun ki renmen k ap negosye sou fè bagay.
- 12) Mande:
- "Èske li te fasil pou nou te negosye? Poukisa wi oubyen poukisa non?"
 - "Èske li pi fasil pou nou negosye ak moun ki gen plis pouvwa pase nou, oubyen moun ki gen menm fòs pouvwa avèk nou? Poukisa?"
 - "Nan teyat nou te wè yo, kisa anndan negosyasyon yo ki te pi itil kòm teknik?"
- 13) Remèsye elèv yo epi rezime sesyon an konsa:
- "Li enpòtan anpil pou nou aprann negosye ak lòt moun. Li pa toujou fasil, men li enpòtan pou nou aprann pale pou tèt nou ak respè e nan fason ki pèmèt nou eksprime a klè limit nou (sa nou ka fè, sa nou pa vle fè)."

- b. "Li kapab pi difisil pou nou fè negosyasyon ak yon moun ki gen plis pouvwa pase nou, men sa posib."
- c. "Sonje ou toujou gen dwa pou ou refize fè yon bagay ou pa vle fè, ou gen dwa tou pou ou anpeche yon moun manyen ou si ou pa vle."
- d. "Kèk fwa nou pa ka refize nèt pou fè kèk bagay paran nou yo oubyen pwofesè nou yo mande nou fè, men nou kapab toujou eksprime lide pa nou avèk respè, sajès; epi anpil fwa yo kapab tandem nou epi pran sa nou di an konsidérasyon."
- e. "Menm jan ak nenpòt lòt kapasite nou vle genyen, li enpòtan pou nou fè pratik sou negosyasyon pou nou kapab devlope kapasite nou pou nou negosye. Jodi a, nou te senpman kòmanse."
- f. Opsyon: Rezime siplemantè: "Lè nou aprann negosye youn ak lòt, sa ba nou yon kapasite yo rele diplomasi. Diplomasi se kapasite pou nou byen jere sitiyasyon ki sansib, avèk moun ki pa wè bagay yo menm jan ak nou oubyen ki pa gen menm enterè ak nou. Se gras ak diplomasi plis negosyasyon ki fè anpil konfli pa rive nan vyolans ak lagè, tankou jan sa te pase sou gouvènman Soulouque la."



Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Li nòmal pou nou pa dakò ak lòt moun. Se negosyasyon ki pou pèmèt nou evite konfli ki pa nesesè. Menm jan ak nenpòt lòt kapasite nou vle devlope, li enpòtan pou nou fè pratik sou negosyasyon pou nou kapab devlope kapasite nou pou nou negosye.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Si mennaj ou di w li anvi fè bagay avè w epi ou pa vle, ekri 2 al 3 fraz ou te kapab di li pou ou esplike li ou vle rete nan relasyon avè l men ou p ap fè bagay.



Sèn yo:

NB: Pwofesè a kapab fè yon kopi epi dekoupe sèn yo pou chak gwooup kapab jwenn youn.

Gwooup 1: (2 moun nan yon koup)

TÈM: YON GASON VLE FÈ BAGAY AK MENNAJ LI, MEN MENNAJ LA PA VLE.

Montre yon fason pou konvèsasyon an lanse, epi apre sa fè pratik negosyasyon sou fè bagay.

Moun ki anvi fè bagay kapab di kèk bagay, tankou:

- Si ou renmen m tout bon ou ka fè bagay avè m.
- Si ou pa vle fè bagay avèk mwen, fòk m al jwenn yon moun ki ap fè sa avèk mwen.
- Mwen pral fòse w fè bagay avè mi!

Moun ki pa anvi fè bagay oblige aprann negosye, oubyen deside li ap kite mennaj la. Li kapab reponn ak sa gason an di konsa:

- M renmen w, men si ou te renmen m tou ou t tap tandem lè m di ou mwen poko pare pou m fè bagay avè w.
- Si se sèlman pou fè bagay ou avè m, ou mèt al jwenn lòt moun ou an. Men si ou gen respè pou mwen ak tout sa nou ap vize ansanm, nou kapab rete tann lè nou tou 2 santi nou prè pou nou fè bagay.
- Poukisa ou ta vle fè bagay avè m lè mwen pa pare? Poukisa menm ou ta fòse mwen fè sa? Plezi a pral pi bèl pou ou lè nou tou 2 pare pou nou fè sa. Lè a poko rive.

Gwooup la kapab chwazi fason pou sitiyasyon an rezoud. Sonje bon prensip negosyasyon.

Gwooup 2: (1 manman, 1 papa, ak omwen 1 tifi, 1 ti gason)

TÈM: BALANS POUVWA ANT FI AK GASON ANNDAN KAY LA

Tifi a ak ti gason an ap soti pou yo al jwe yon jou wikenn. Pandan manman an ap lave asyèt, li kanpe tifi a pou di l li pa ka soti, li bezwen lave rad ak al achte nan mache a pou manje midi. Li pa di ti gason an anyen. Papa a la, li chita sou galri a, li p ap fè anyen, li tandem. Tifi a ak ti gason an gade youn lòt epi yo tou 2 mande yon ti moman pou yo pale ak paran yo. Yo tout chita bò kote papa a sou galri a. Timoun yo di yo dakò pou yo mete men nan travay ki pou fèt nan kay la ak paran yo pou kay la byen fonksyone. Yo mande si li pa ta pi bon si tach yo te pi byen pataje anndan kay la pou tifi a gen menm dwa ak ti gason an pou yo soti. Yo vle youn egal ak lòt.

Paran yo kapab di kèk bagay, tankou:

- Se wòl yon tifi pou li fè menaj nan kay la ak prepare manje pou gason yo.
- Ti gason bezwen plis tan pou yo etidye paske yo bezwen jwenn bon travay lè yo gran.

Timoun yo kapab di kèk bagay, tankou:

- Lap enpòtan pou ni tifi ni ti gason ede ak menaj nan kay la epi pou tou 2 gen chans pou yo jwe. Konsa, ti gason an ap devlope kapasite pou li fè menaj nan kay la ak achte nan mache, pandan tifi a ap gen tan pou l etidye ak jwe tou, ak devlope lòt talan li yo ki ap ede li lè li gran e ki kapab ede fwaye a tou.
- Se vre ti gason yo bezwen etidye byen. Men etid tifi enpòtan tou jounen jodi a.

Gwooup la kapab chwazi fason pou sitiyasyon an rezoud. Sonje bon prensip negosyasyon.

Gwoup 3: (Yon jèn fi, 1 grammoun gason, 1 zanmi ki kapab yon fi oubyen yon gason)

TÈM: TIZONNAY/ASÈLMAN SEKSYÈL

Genyen yon jèn fi nan lekòl la anpil moun abitye bay ti non, epi fè blag ki deplase sou kò li. Okòmansman sa te mete li malalèz, men li ri paske li pa konnen sa pou l fè. Yon jou, yon pwofesè te ba li yon ti non anndan klas la, apre sa tout elèv yo pran repete ti non an. Lè lekòl lage, jèn fi a pale ak yon zanmi li, li esplike zanmi an li pa tolere ti non pwofesè a te ba li a, menm si li konnen pwofesè a pa te di sa ak okenn movèz entansyon. Jèn fi a di li vle esplike pwofesè a ak lòt moun mo li pa renmen, pou yo pa repete l mo sa yo. Zanmi an konprann, nan demen, yo tou de al pale ak pwofesè a ansanm. Yo di l yo konnen se yon bon pwofesè li ye, yo konnen li konprann e yo ta renmen li sèvi ak lidèchip li pou fè lòt elèv sispann fè tizonnay sou jèn fi a.


Pwofesè a kapab di kèk bagay, tankou:

- Se pa eksprè li fè, se yon blag li t ap bay sanzaryè panse.
- Li te jis vle fè lòt timoun yo ri pou yo ka pi byen dispoze pou kou li ta pral fè a.
- Eskize, li pa te sipoze fè sa.

Timoun yo kapab di kèk bagay, tankou:

- Se yon bon bagay pou ou bay blag anndan sal klas la - tout elèv yo renmen sa. An menm tan tou, gen kèk blag ki fè efè sou moun, epi depi se yon blag pou minimize yon fi oubyen fè moun ri sou kò li, sa genyen gwo konsekans.
- Depi ou pa fè sa ankò, sa pral ede anpil. Men lidèchip ou enpòtan anpil pou chanjman ka fèt. Si ou kapab eksplike poukisa ou p ap fè sa ankò devan elèv yo oubyen entèdi lòt elèv yo fè sa nan sal klas la, anpil bagay pral chanje.

Gwoup la kapab chwazi fason pou sitiyasyon an rezoud. Sonje bon prensip negosyasyon.



Tèm: Chèche ak Bay Sipò

Kijan pou nou chèche bon modèl (45 min)

Objektif:

- Elèv yo konprann sa ki fè yon moun se yon bon modèl ak fason pou yo idantifye bon modèl pou lavi yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Pa gen preparasyon.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Nan liv istwa yo prezante nou anpil moun ki jwe divès wòl ki te genyen enpak sou peyi a. Genyen ladan yo nou admire, genyen lòt nou pa dakò ak fason yo te aji. Li enpòtan pou nou byen reflechi sou konpòtman nou menm nou vle genyen nan lavi pa nou. Li enpòtan pou nou reflechi sou sa ki fè yon moun se yon bon modèl, ak fason nou menm nou kapab idantifye bon modèl pou lavi nou."

Egzèsis:

- 1) Esplike: "Nan kou sa a, nou pral gade kiyès ki kapab yon bon modèl pou enspire nou fason pou nou viv ak konpòte nou. Nou pral eseye idantifye plizyè bon modèl epi pratike fason pou nou swiv yo kòm egzanp. Yon 'modèl' se yon moun lòt moun pran kòm egzanp pou yo swiv."
- 2) Mande: "Ki kalite yon moun ta sipoze genyen pou li yon 'bon modèl'?"
- 3) Ekri repons elèv yo sou tablo a, tankou: li fò nan yon domèn, li janti ak lòt moun, li saj, li jis, li ede lòt moun, li gen respè pou lòt moun, elatriye.
- 4) Mande: "Èske yon bon modèl ta sipoze byen jere pouvwa li ak lòt moun? Poukisa wi oubyen poukisa non?"

5) Esplike: "Kèk fwa moun chwazi yon lòt moun kòm modèl, men ki pa gen kalite sa yo, oubyen li genyen kèk kalite men li manke lòt. Pa egzanp si yon moun fò anpil nan foutbòl. Li kapab modèl ou pou ou jwe foutbòl. Men petèt se yon moun ki malelve – donk se pa yon bon modèl sou plan sosyal. Li enpòtan nan ka konsa pou nou sonje yon moun kapab yon bon modèl pou yon bagay, men pa pou tout bagay."

6) Mande chak elèv pran yon paj nan kaye li, epi ekri non plizyè moun ki se bon modèl pou li, sitou nan jan li jere pouvwa li ak lòt moun. Esplike kèk nan moun yo kapab moun istwa mansyone, oubyen moun ki genyen gwo renome elèv la pa konnen pèsonèlman, tankou prezidan an. Men kèk moun sou lis la dwe moun elèv la konnen e ki konnen elèv la tou. Sipoze genyen ni fi ni gason sou lis chak moun.

7) Bay elèv yo 5 minit pou yo fè lis yo.

8) Apre 5 minit pase, envite detwa elèv li lis yo pou klas la kapab tande.

9) Remèsyelèv ki te pataje lis pa yo.

10) Mande chak elèv chwazi youn nan moun ki sou lis li a li konnen e ki konnen l tou, elèv la ta renmen aprann yon bagay nan men l. Mete yon zetwal bò kote non moun nan.

11) Mande: "Èske modèl nou chak te chwazi a byen jere pouvwa li ak lòt moun? Si wi, kisa ki fè ou konn sa? Si non, tanpri chwazi yon lòt moun."

12) Esplike: "Kèk fwa, lè nou vle aprann nan men yon moun pou lavi nou, li fasil, nou aprann san moun nan pa konnen n ap aprann nan men l. Kèk lòt fwa, nou bezwen pale ak moun nan pou nou mande l aprann nou yon bagay."

13) Mande: "Kijan nou pral pale ak modèl nou te chwazi yo, pou asire nou aprann sa nou vle aprann nan men yo?"

14) Mande 2 elèv vin fè yon ti similasyon devan klas la. Youn ap jwe wòl moun k ap chèche pran kontak ak modèl la pandan lòt la ap jwe wòl modèl la. Moun k ap chèche pran kontak la byen konnen modèl la. Yo chak bezwen konnen wòl yo anvan yo kòmanse jwe.

15) Repete aktivite a pandan 2 fwa, pou prezante egzanp 2 elèv k ap abòde modèl pa yo.





16) Remèsyel elèv yo, epi mande fidbak oubyen lòt lide nan men lòt elèv yo.

17) Rezime sesyon an konsa:

- a. "Li enpòtan pou nou sonje sa k yon bon modèl, epi pou nou swiv sa ki vreman bon nan sa yo fè, tankou fason yo jere pouvwa yo ak lòt moun, oubyen kapasite yo genyen pou ede lòt moun, oubyen lòt fòs yo genyen."
- b. "Li enpòtan tou pou nou devlope bon jan rapò ak omwen 2 al 3 moun nou pran kòm bon modèl pou lavi nou."
- c. "Nou kapab abòde moun yo menm jan nou te wè nan klas la, oubyen nan fason pa nou."
- d. "Si nou aprann nan men plizyè bon modèl, konpòtman nou ap pi sanble ak pa yo, e n ap vin genyen pi bon pèfòmans nan plizyè domèn"
- e. *Opsyon: Rezime siplemantè: "Nan liv istwa, yo kapab prezante bon modèl pou nou swiv kèk nan konpòtman yo. Menm si nou pa rankontre yo, nou kapab aprann de yo, konpòtman yo kapab enfliyanse fason nou deside aji nan lavi nou."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Yon moun kapab yon bon modèl nan yon domèn epi li pa yon modèl nan lòt domèn. Nou tout bezwen chèche ak suiv kèk modèl e menm devlope relasyon avèk yo lè sa posib. Nou sitou bezwen gade fason modèl sa yo balanse pouvwa yo ak lòt moun, ede lòt moun. Li enpòtan tou pou nou devlope bon jan rapò ak omwen 2 al 3 moun nou pran kòm bon modèl pou lavi nou.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 3 egzanp bon modèl apati lis nou chak genyen an, asire gen ni fi ni gason nan twa moun sa yo, e nou konnen omwen youn nan yo. Esplike sa nou ta renmen aprann nan men yo chak.



Ranfòse pouvwa moun k ap chèche sipò² (45 minit)

Objektif:

- Montre fason moun k ap chèche sipò genyen pouvwa pou yo mande, epi pou yo aksepte sipò nan men lòt moun.
- Fè pratik ranfòse pouvwa moun k ap chèche sipò, olye kraze pouvwa yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Divize tablo a an 4 pati ak liy vètikal.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Nan lagè, peyi Lafrans ak yon twooup afranchi ki te soti Sendomeng te bay Etazini sipò nan batay kont kolon Anglè yo. Menm si sipò peyi Lafrans ak Afranchi sa yo te bay la se te pou lagè, men se yon bezwen yo te wè Etazini te genyen, yo te ede li. Men se pa lagè sèlman ki fè moun pote sipò bay lòt moun. Nan anpil difikilte nou kapab rankontre nan lavi nou, nou bezwen sipò. Li enpòtan pou nou kapab jwenn sipò lè nou bezwen sipò, e li enpòtan tou pou nou aprann bay lòt moun sipò."

Egzèsis:

- 1) Mande patisipan yo imajine sitiyasyon sa a:

"Yon gason ki pi gran anpil e ki nan pi gwo klas ap koze ak yon tifi nan lekòl la chak jou apre lekòl lage. Tifi a malalèz e li fèjenòm nan konnen li pa vle kontinye nan mòd konvèsasyon sa a, men misye ap kontinye pèsiste e li ap fè presyon pou tifi a ale lakay li avèk li. Li konn menm bare wout pou tifi pa pran direksyon wout lakay li. Tifi a pè paske li pa konnen tout sa misye kapab fè li. Li mande yon zanmi nan lekòl la pou li akonpanye l lakay li apre lekòl la pou misye kapab kite l an pè. Lè zanmi an rive bò kote li apre lekòl lage, li jwenn manmzèl chita nan mitan wout la ap kriye ak 2 men nan tèt li."

- 2) Nan tèt youn nan pati tablo a, ekri: "Moun k ap chèche sipò".

- 3) Mande patisipan yo: "Dapre nou menm, kijan tifi a santi li?" Ekri repons elèv yo sou menm pati tablo a".
- 4) Mande patisipan yo: "Kisa nou panse I ap di tèt li?" Ekri repons elèv yo sou menm pati tablo a".
- 5) Nan tèt 2yèm pati tablo a, ekri: "Moun k ap bay sipò".
- 6) Mande patisipan yo: "Dapre nou menm, kijan moun k ap bay sipò a santi li?"



- 7) Esplike: "Anpil fwa, lè yon moun ap chèche sipò, li santi li san pouvwa. Genyen 2 rezon pou sa:
 - a. "Moun k ap chèche sipò a genyen yon pwoblèm, li pa santi li ka rezoud pou kont li.
 - b. "Nan kominate nou yo, yo konn panse, lè yon moun ap mande sipò, sa vle di li fèb, oubyen li san pouvwa. Gendelè, menm nou menm ki ap bay sipò a, nou ka fè moun nan santi li pi fèb toujou, si nou pa fè atansyon."
- 8) Mande: "Èske sa rive nou déjà, pou nou santi nou fèb pandan n ap chèche sipò, oubyen pou nou santi nou pi fèb pandan yon moun ap ban nou sipò?"
- 9) Esplike: "Nou pral fè yon ti brase lide rapid. N ap fè sa 2 pa 2. Mete w ansanm ak moun ki bò kote w la epi echanje lide sou ki erè moun ki ap bay sipò kapab fè, ki ka fè moun ki ap chèche sipò a santi li pi fèb toujou, nan ka vyolans sou fanm ak tifi oubyen yon lòt pwoblèm. Nou gen 2 minit pou nou reflechi sou sa. Ekri lide nou yo nan kaye nou."
- 10) Pandan gwoup yo ap travay, ekri tit "Fè moun nan santi li pi fèb toujou" nan tèt yon pati tablo a.
- 11) Lè 2 minit la fin pase, mande gwoup yo pou yo prezante rezulta yo bay tout moun. Rezime repons yo sou tablo a, nan fòm yon lis.
- 12) Esplike: "Nan menm gwoup yo, kounye a nou pral pale sou sa moun k ap bay sipò a kapab di pou ranfòse kouraj ak pouvwa moun ki sibi vyolans. Nou gen 2 minit pou nou reflechi sou sa an gwoup."
- 13) Pandan gwoup yo ap travay, ekri tit "Ranfòse pouvwa moun k ap chèche sipò" nan tèt 4yèm pati tablo a.



14) Lè 2 minit la fin pase, mande gwoup yo pou yo prezante rezulta yo bay tout moun. Rezime repos yo sou tablo a, nan fòm yon lis.

15) Esplike: "Egzanp sa yo pèmèt moun ki ap chèche sipò yo sonje pwòp pouvwa pa yo. Nou pral fè yon egzèsis sou fòm yon ti pyès teyat kounye a, pou nou fè pratik ranfòse pouvwa moun ki ap chèche sipò. Nan chak gwoup, yon moun ap jwe wòl moun ki ap chèche sipò a, epi lòt moun nan ap jwe wòl moun ki ap bay sipò a. Apre 3 minit, m ap ba nou siyal pou nou chanje wòl."



16) Esplike patisipan yo se toujou menm sitiyasyon anvan an y ap jwe. Reli ti istwa a pou gwoup la (gade etap 1).

17) Kòmanse egzèsis la. Tout moun kapab fè egzèsis an menm tan, nan ti gwoup pa yo. Apre 3 minit di yo "kanpe la epi chanje wòl." Apre 3 minit ankò di yo "kanpe la!" epi mande patisipan yo pou yo tout rasanble ankò nan yon gwo wonn pou deba.

18) Mande patisipan yo:

- "Kijan nou te santi nou nan wòl moun k ap bay sipò a?"
- "Kijan nou te santi nou nan wòl moun k ap chèche sipò a?"
- "Kisa egzèsis sa a montre nou?"

19) Fè rezime egzèsis la. Apiye sou pwen sa yo:

- "Moun ki santi yo wont, oubyen ki pote move non genyen pouvwa pou yo depase santiman sa yo. Antanke moun ki ap bay sipò, nou kapab mete pouvwa nou ansanm ak pouvwa pa yo pou montre yo nou aksepte yo jan yo ye, epi montre yo nou avèk yo tout bon."



- b. "Antanke moun ki ap bay sipò, nou ka gen tandans panse se nou ki genyen pouvwa, epi moun ki ap chèche sipò a pa genyen pouvwa li menm. Nou dwe veye pou sa pa rive."
- c. "Moun ki ap chèche sipò genyen pouvwa anndan yo. Se wòl moun ki ap bay sipò a pou li ranfòse pouvwa moun ki ap chèche sipò a, epi ede li rejwenn pouvwa sa a pou li santi li djanm."
- d. "Pou nou kreye chanjman pozitif, nou dwe tabli yon relasyon konfyans ak moun nan ki ap chèche sipò, kote n ap mete pouvwa nou ansanm ak pouvwa pa li, yon fason pou youn pa gen pouvwa sou lòt la."
- e. **Opsyon: Rezime siplemantè:** "Nou sot wè enpòtans pou nou chèche epi jwenn sipò nan yon fason ki kite pouvwa nan men moun k ap chèche sipò. Kounye a, lè nou etidye istwa, nou kapab reflechi sou sipò peyi oubyen moun te bay youn lòt pou wè si yo te byen bay sipò yo, oubyen si sipò yo t ap bay te retire plis pouvwa nan men peyi oubyen moun ki t ap chèche sipò a."


Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Lè nou ap bay yon moun sipò, veye pou nou pa fè moun nan santi li san pouvwa. Wòl nou lè nou ap bay sipò, se ede moun nan konekte ak pouvwa anndan li pou li jere sitiyasyon li ap viv la epi jwenn wout pou li soti ladan li.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 2 fraz yon moun k ap bay sipò kapab di pou ranfòse kouraj ak pouvwa moun ki sibi vyolans.



Nòt

- 1 Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'école secondaire, programme réorganisé, sciences sociales nouveau secondaire*, Programme Pédagogique Opérationnel, 8 – Sciences Sociales, 1ère Année.
- 2 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl SASA/ ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA/ Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA/ An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
- 3 Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'école secondaire, programme réorganisé, sciences sociales nouveau secondaire*, Programme Détailé des Sciences Sociales Opérationnel, 8 – Sciences Sociales, Secondaire II.
- 4 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: *Program H*. Instituto Promundo and collaborators. (2002). *Program H: What do I do when I'm angry?*, p. 184-186. Disponib sou promundoglobal.org

